

SADHAR
Sabda Winedhar

September

2021

Mitra Saben Ari Marsudi Oti

Tema: Bermazmur Dan Bersyukur

PANDONGA

Dhuh Rama kawula ingkang wonten ing Swarga
Kepareng kawula sami marek sowan
wonten ing ngarsa Paduka,
Nglenggana awit kathah kekurangan saha dosa
ingkang kawula lampahi ing gesang punika

Dhuh Allah, Rama kawula ingkang Maha asih
Paduka punika Allah ingkang tansah
mbabaraken katresnan
wonten ing salumahing bumi

Mugi kawula Paduka sagedaken nulad katresnan Paduka
Saha saged ngecakaken ing lampahing gesang kawula
Tansah setya ing kapitadosan
sarta kanthi andhap asor
leladi dhumateng Gusti lan sesami,
satemah kawula saged
dados para putra Paduka ingkang prayogi
Amin

NAJIS

“Samubarang kang saka ing jaba lumebu ing manungsa, iku ora njalari najis, nanging apa kang metu saka ing manungsa, iku kang maraake najis”

(Markus 7:15)

Punapa panjenengan nate mrangguli satunggaling tiyang ingkang nedha sega thiwul lajeng dados piyantun ingkang wengis? Kados-kados kok dereng wonten pawartos ingkang kados makaten. Mila leres, bilih tetedhan ingkang sami dipun tedha punika mboten saged ndadosaken tiyang ingkang suwau sae lajeng malik dados awon. Boten wonten tiyang ingkang suwau mbangun miturut dumateng Gusti, sareng nedha sega thiwul lajeng mblasar.

Punapa ingkang dipun wucalaken Sang Kristus dhumateng kita wonten ing Kitab Markus 7:18-19 mratelakaken bilih samubarang (tetedhan) ingkang lumebet ing manungsa mboten dadosaken najis, awit namung lumebet wonten ing padharan, sanes ati (manah), malah sakbibaripun punika bakal kabucal malih wonten ing pakiwan. Bilih ingkang ndadosaken najis punika ingkang medal saking manungsa. Inggih punika sadaya ingkang medal saking sajroning manah, ingkang thukul saking sakabehing pikiran ingkang awon, kados dene ingkang dipun pangandikaaken ing ayat 20-23.: *“...Apa sing metu saka ing manungsa iku sing marakake najis, sabab saka ing jero, saka ing sajroning atine manungsa, thukul sakabehing pikiran ala, kang lekoh, kadurjan, gawe pati, laku bandrek, srakah, piala, akal palsu, hawa-nepsu, meri, panyatur ala, gumedhe, tanpa budi...”*

Awit saking punika, sumangga sami njingglengi lampahing gesang kita. Dipun ati-ati ateges dipun panggali, sami resesik supados punapa ingkang kalairaken punika boten nyilakani tumraping sesami, punika najis. Kita mbetahaken Sang Suci inggih punika Gusti Yesus Kristus. Namung ing Sang Kristus, kita uwal saking kanajisan. |*SHS

PILIH SIH

“Sebab Gusti Allah ora pilih kasih”

(Rum 2:11)

Emban cindhe, emban siladan; satunggaling paribasan ingkang ngemu teges bab pangrengkuh ingkang boten adil. Ingkang satunggal dipun emban ngangge cindhe; kain alus lan endah. Ingkang satunggalipun dipun emban ngangge siladan, welat pring ingkang tipis wujudipun lan landhep, punika saged ndadosaken tatu lan sakit. Mila mboten adil.

Punapa Gusti Allah emban cindhe emban siladan tumrap umat kagunganipun? Menawi sami dipun suwuni pirsane bab punika, mesthi sami paring wangsulan bilih Gusti Allah punika adil. Punapa malih serat Rum 2: 11 pancen mratelakaken bilih Gusti Allah punika adil (ora pilih kasih). Nanging kados pundi wangsulan sejati ingkang tuwuh saking lebeting manah? Nalika mrangguli bilih rencang kita kok berkahipun kados-kados langkung kathah tinimbang kita, griyanipun langkung ageng? Kamangka kita boten kirang-kirang anggenipun lelados wonten ing greja. Cobi, punapa tetep wangsulan Gusti Allah adil? Punapa protes wonten ngarsanipun Gusti? Dinten punika kita kaemutaken supados saged ngraosaken sejatining berkah. Berkah sejati punika dunungipun boten wonten ing uba rampening gesang, kados to pasiten, griya, motor, mobil, lsp. Dunungipun berkah punika wonten ing Sang Kristus piyambak. Pakarya Agung ing riyaya Paska punika berkah ingkang utami.

Awit saking punika, sumangga sami nampi Sang Kristus wonten ing gesang kita. Gusti boten *emban cindhe emban ciladan*, Panjenenganipun nresnani lan maringi berkah tumraping sadaya umat miturut kabetahanipun piyambak-piyambak. Gusti Allah langkung pirsane kabetahan kita sadaya. Swawi sami sinau nampi sadaya kaadilanipun Gusti saha berkahipun kanthi iman ingkang manteb, boten nggresula lan kanthi syukur bilih Gusti Allah nggadahi kawibawan kaadilan miturut Karsanipun dhumateng sadaya titahipun. |*SHS

DUDU KANG NGRUNGOKAKE, ANANGING KANG NETEPI

“Amarga wong kang bener ana ing ngarsane Gusti Allah iku dudu kang ngrungokake angger-anggering Toret, ananging kang netepi angger-anggering Toret.” (Rum 2:13)

Ibu Pariah paring dhawuh dhumateng para putranipun; *“Le.. nduk... kene padha sarapan disik, sega gorenge wis mateng.”* Kinten-kinten sinteng ingkang ngraosaken tuwuk saha boten luwe malih? Temtu kemawon putranipun ingkang merengaken timbalan, nyaket murugi ibunipun saha nedha sesarengan. Lha ingkang namun mirengaken ning mboten gumregah malah mendel kemawon, inggih boten nedha mila bakal tetep luwe.

Kados makaten ugi tumraping sabda pangandikanipun Gusti. Tiyang ingkang bener ing ngarsanipun Gusti punika boten tiyang ingkang namung mirengaken sabda punapa dene angger-anggering Toret, ananging sadaya tiyang ingkang netepi angger-angger punika. Awit, saben tiyang ingkang netepi angger-anggering Toret, mesti sami mirengaken angger-angger punika. Nanging, boten sadaya tiyang ingkang mirengaken angger-anggering Toret punika, sami netepi. Bab punika ugi sami tumraping sabda suci saking Gusti. Punapa kita namung dados umat ingkang remen mirengaken sabda kemawon, ning mboten netepi sabda punika? Punapa dados umat ingkang remenanipun netepi sabda suci wonten ing gesang padintenanipun? Satemah gesang kita tansah adedasar sabdanipun Gusti saha tansah tinuntun dening sabda punika.

Mirengaken punika sampun sae, ananging dereng leres lan jangkep. Awit mboten cekap namung mirengaken, kedah dipun tindakaken utawi ngestokaken wonten ing gesang padintenan ingkang nyata. Sumangga kita ngudi kasetyan ingkang tansah netepi sabda pangandikanipun Gusti. Kanthi makaten nyata nyata manawi kita dados panderekipun Gusti ingkang setya saha sadaya tiyang ingkang ningali gesang kita wanuh dumateng Gusti kita Yesus Kristus. |*SH

ANDHAP ASOR

Atur wangsulane wong wadon: “Kasinggihan Gusti, nanging segawon rak inggih sami nedha cuwil-cuwilan ingkang dhawah saking mejaning bendaranipun.”

(Mateus 15:27)

Kathah-kathahipun, tiyang sami boten trimah nalika dipun asoraken. Punapa malih punsebat jinising sato kewan (wonten ayat 26 punsebat asu), mesthinipun sami nepsu. Menawi ing jaman samangke saged lapor polisi kanthi tuduhan *pencemaran nama baik*.

Ananging benten kaliyan tiyang estri saking Siro Fenesia ingkang sowan dhumateng Gusti Yesus lan matur: *“Dhuh, Gusti, nyuwun tulung”* (ayat 25). Awit anakipun estri kapanjingan dhemit. Suwau Gusti Yesus mendel kemawon boten ananggapi, nanging lajeng paring wangsulan, *“Ora bener, wong njupuk rotine anak-anak banjur diuncalake marang asu”* (ayat 25). Sebatan asu punika sajatosipun katujokaken dening bangsa sanes kajawi Yahudi. Ewa semanten ibu saking Siro Fenesia punika mboten kendho anggenipun nyenyuwun wonten ngarsanipun Gusti. Malah matur kanthi andhap asoring manah: *“Kasinggihan Gusti, nanging segawon rak inggih sami nedha cuwil-cuwilan ingkang dhawah saking mejaning bendaranipun”* (ayat 27). Ibu punika ngrumaosi bilih pancen sanes bangsa Yahudi, ngrumaosi bilih mboten kagungan hak kadosdene anak. Nanging tegen anggenipun nyenyuwun cuwil-cuwilan tetedhan saking Gusti. Saksampunipun punika Gusti Yesus lajeng ngandika: *“He, wong wadon, kok gedhe pangandemu, mulane katekanana apa kang dadi karepmu.”* (ayat 28).

Kita saged nggegilut ing bab nyenyuwun kedah tekun lan tegen kinanthenan andhap asor wonten ing ngarsanipun Gusti. Awit Gusti Allah kagungan kersa saha wekdal ingkang trep kangge nyembadani panyuwunan kita miturut karsanipun. |*SHS

EFATA

Wong mau nuli kapisahake saka wong akeh dening Gusti Yesus, didhewekake. Kupinge banjur dilebeti ing racikane, nuli kecoh lan ndemok ilate wong mau. Sawise mangkono Gusti Yesus banjur tumenga ing langit lan unjal ambegan, nuli ngandika marang wong mau: “Efata!” tegese: mengaa!
(Markus 7:33-34)

Dados tiyang ingkang budheg lan bisu punika angel. Manawi tiyang wuta punika taksih saged matur nyuwun tulung nalika betahaken pitulungan. Ananging manawi budheg lan bisu, boten saged alok-alok nyuwun tulung. Malah kadangkala dadosaken bingung tiyang sanes ingkang mirengaken. Mesakaken sanget.

Mrangguli tiyang ingkang kados makaten, Gusti Yesus nelakaken katresnanipun. Tiyang punika dipun pisahaken saking tiyang kathah. Kupingipun lajeng dilebeti ing racikanipun, nuli kecoh lan ndemok ilatipun tiyang punika. Gusti Yesus lajeng tumenga ing langit saha ngendika: *Efata!* ingkang tegesipun: mengaa. Lan tiyang punika saras. Saged mireng lan saged caturan kanthi teteh. Kados mekaten tresnanipun Sang Kristus dhumateng tiyang ingkang betahaken pitulungan. Lajeng kados pundi kaliyan tiyang ingkang sampun kasarasakan punika? Tiyang ingkang sampun kaparingan pitulungan punika? Punapa lajeng kesah mekaten kemawon? Boten. Tiyang punika boten namung “menga” pamireng lan tutukipun ingkang suwau budheg lan bisu. Nanging ugi menga batosipun mila tiyang punika dados seksi kang urip sesarengan kaliyan tiyang kathah sami wicantenan: *“Panjenengane iku ndadekake becik samubarang kabeh, sing budheg dadi bisa krungu, sing bisu bisa caturan.”* (ayat 37).

Kadospundi tumrap kita? Punapa saged ngraosaken bilih Gusti ugi mbikak manah kita sadaya supados dados seksi ingkang estu gesang. |*SHS

MARGA PRACAYA

“Marga saka pracaya baluwartine kutha Yerikho padha jugrug, sawise diubengi pitung dina lawase.” (Ibrani 11:30)

“Pracaya” punika dhasaring gesang. Bilih gesang boten kadhasaran pracaya, mokal saged lumampah lestari ing sadinten-dintenipun. Tanpa pracaya, gesang namung kebak mangu-mangu awit boten wonten tiyang punapa dene bab sanesipun ingkang dipun ugemi. Gesangipun malah boten tentrem; mboten pitados ing samukawis.

Gesangipun para umat kagunganipun Gusti, kedah kebak ing pracaya. Mirungganipun pracaya wonten ing ngarsanipun Gusti. Inggih pracaya ing pakaryanipun Pengeran ingkang sampun karsa rawuh saperlu mitulungi, nguwalaken kita manungsa saking pangwasaning dosa. Lumantar sedanipun Sang Kristus dumugi sumengka dateng swarga. Awit saking pracaya punika dadosaken gesang kita kebak ing pangajeng-ajeng, sanadyan sami ngrumaosi winatesing dayaning kamanungsan, ananging ing pracaya bilih wanten daya Agung kagunganipun Gusti ingkang tansah paring pitulungan tumraping kita. Pramila kita kedah ngakeni bilih winates lan mboten sampurna kahanan kamanungsan kita, nanging dipun sampurnaaken awit saking pracaya.

Marga pracaya, baluwartine kutha Yerikho sami jugrug, saksampunipun kaubengi pitung dinten laminipun. Punapa punika awit daya sektinipun para tiyang ingkang sami ngubengi? Temtu kemawon boten. Kejawi kakiyatan “pracaya” wonten ing ngarsanipun Gusti, mila andadosaken baluwarti kalawau samu jugrug. Semanten ugi baluwarti-baluwarti panggodhaning iblis ingkang damel manah giris, ugi mesthi jugrug sauger kita ngubengi kanthi pracaya, ngestokaken punapa ingkang dados karsanipun Gusti, sanadyan karsanipun Gusti katingal mokal tumrap pamawas kita. Gusti temtu anggadhahi rancangan ingkang endah lan ngedab-edabi tumrap kita. |*SHS



DIDUKANI

“Manawa kowe padha ngalami dipatrapi, dadi kowe karengkuh putrane Gusti Allah. Endi ta ana anak kang ora tau dipatrapi dening bapakne?”

(Ibrani 12:7)

Punapa wonten tiyang ingkang boten nate dipundukani dening tiyang sepuhipun? Mesthinipun kita sadaya nate dados lare to? Kula kinten sadaya lare nate dipundukani dening tiyang sepuh, menawi makaten sadaya tiyang sepuh nate ndukani para putranipun. Nanging panjenengan kedah ngatos-atos manawi duka dhumateng para putra lan putrinipun. Awit wonten kalih jinis: (1) duka awit kebrongot nepsu, (2) duka awit paring patrap saha wulang wuruk ingkang sae.

Gusti Allah ugi ndukani kita nalika kita sengaja nerak paugeran ingkang sampun katata sae dening Hyang Agung. Tumindak-tumindak ingkang mboten cundhuk kaliyan karsanipun Gusti punika ingkang dipun sengiti. Menawi kita nglampahi tumindak ingkang kados makaten mesthi ndadosaken dukanipun Gusti. Lajeng, duka jinis ingkang pundi? Gusti Allah ndukani lumebet ing jinis nomer kalih (2), inggih punika patrap supados lenceng anggen kita lumampah ing gesang, supados kita saya nebih saking lakuning dursila, tumuju kiyating iman ingkang sumendhe wonten ing ngarsanipun Gusti. Patrap ingkang kados makaten punika mujudaken tresnanipun Gusti Allah dateng kita umatipun. Pancen boten sakeca raosipun nalika kapatrapan, nanging asilipun cetha inggih punika satunggaling gesang ingkang langkung tumata lampahipun.

Pramila sumangga kita sami nampi patrapanipun Gusti kinanthenan batos ingkang pasrah. Malah sami tumungkul wonten ing Sampeyanipun (suku) Gusti ngrumaosi bilih gesang kita punika asring mangiwa boten ngener karsanipun Gusti. Patrapanipun Gusti kebak katresnan ndadosaken gesang kita midherek karsanipun Gusti. |*SHS

SOWAN, SUJUD LAN MATUR

“Bareng wis padha bali tekan ing enggone wong akeh maneh, ana wong kang sowan ing ngarsane Gusti Yesus banjur sujud lan matur”

(Matius17: 14)

Kados pundi anggen kita nyenyuwun wonten ing ngarsanipun Gusti? Kadangkala kita ngunjukaken panyuwunan punika kanthi grusah grusuh matur, kamangka dereng sowan lan sujud. Mesthinipun sowan, sujud lajeng nembe matur. Tentu kemawon sowan, sujud lan matur punika boten ing salebeting makna harafiah, ananging ing salebeting makna ingkang langkung tandhes. (1) Sowan ateges katur dhumateng sinten to panyuwunan kita unjukaken. Sampun cetha sowan Gusti (ndedonga) punapa dereng? Asring kalampahan niatipun ndedonga ananging pikiran kita nonton bal-balan, wah punika dereng sowan ing pandonga, punika saweg nglamun. (2) Sujud ateges ngasoraken dhiri manungku puja, sujud wonten ngarsanipun Gusti nemu suraos ngrumaosi asoring kamanungsan ingkang pepanggihan Sang Maha Suci. Sujud dados lampah tata manambah kanthi manah tumuju ing ngarsanipun Pangeran. Lajeng ingkang kaping tiga (3) inggih punika “Matur”. Matur nemu ateges ngluntakaken sadaya uneg-ungeng driya, saged punika raos awrat, kuatir, katempuh rubeda, lan sakpiturutipun. Sadaya kaaturaken wonten ngarsanipun Gusti kanthi jujur. Kajujuran ingkang kaesokaken punika dados lumantaranipun leganing ati kita.

Manawi sami Sowan, Sujud lajeng Matur, mesthinipun sadaya kalawau katindakaken kanthi tulus lan tumemen. Boten namung dolanan. Panyuwunan ingkang kaaturaken kanthi tulus kepareng dipun pidhangetaken dening Gusti. Kados dene wonten ing waosan kita, Gusti Yesus Kristus karsa nyarasaken anakipun tiyang ingkang sakit ayan lan kesurupan. Samanten ugi Gusti Allah paring pitululungan wonten ing gesang kita ing saben dintenipun awit pisowan saha sujud sarta atur kita wonten ing ngarsanipun Gusti. |*SHS



PITADOS

Marga saka pracaya Rama Abraham nalika kacoba, ngurbanake Iskak. Panjenengane, kang wus kaparingan prasetya, lila ngurbanake putra ontang-anting, sanadyan marang panjenengane wus kapangandikaake: "Trah kang saka Iskak iku bakal kasebut turunira."

(Ibrani 11:17-18)

Dinten sampun siang, kirang langkung tabuh 13.00, swasananing langit katutup mendung, mila sinaosa siang karaos kadosdene sonten lan peteng. Ewa semanten sinaosa peteng kadya sonten, saben tiyang mesthi pitados bilih srengenge tetep sumunar. Sinaosa srengenge boten karaosaken panasipun nanging taksih sami pitados bilih srengene punika taksih wonten saha sumunar ing jagad.

Punapa kita sami pitados bilih Gusti Yesus dumunung ing manah kita lumantar Sang Roh Suci nalika kita ngraosaken kasangsaran? Pancen ingkang katon lan karaosaken punika sangsaranipun, mila kathah tiyang ingkang lajeng semplah lan dumawah ing panggoda malah wonten ingkang nilar Gusti. Tumindak ingkang kados makaten punika mijil saking ringkihing iman, manahipun namung saged ngraosaken pepeteng ingkang nglimputi gesang. Sajatosipun saknginggilipun pepeteng punika wonten Sang Pepadhang ingkang utami.

Rama Abraham ugi nate ngraosaken petenging gesang, awit putra ontang-anting "Iskak" dipun kersakaken dening Gusti Allah dados kurban. Kados pundi raosipun nalika anak ingkang kagadhang-gadhang dados turas, dipunkersakaken dados kurban, Ananging Rama Abraham tetep mbangun miturut punapa ingkang dados kersanipun Gusti. Rama Abraham kagungan kapitadosan linangkung wonten ing ngarsanipun Gusti. Lajeng kados pundi kaliyan kita? Sami Pitados dumateng Gusti? Mangga dipun amini sesarengan bilih Gusti tetep makarya wonten ing gesang kita. |*SHS

PRACAYA LAN PANGGAWÉ

"Mangkono uga tumraprapping pracaya: manawa pracaya iku ora dikantheni panggawé, iku sajatine mati." (Yakobus 2: 17)

Salah satunggal tandanipun tiyang ingkang kenging penyakit *stroke* inggih punika pikiran lan tindakan boten saged gathuk. Contonipun, pikiranipun kepingin ngangkat tangan utawi sukunipun, ananging boten saged. Kados-kados namung mandheg wonten ing jaja. Semanten ugi kathah tiyang ingkang sami sakit *stroke iman*. Pikiranipun prasasat suci, ide-idenipun kebak kapitadosan, nanging jebul boten dipun dindakaken. Stroke iman boten ndadosaken ewahaning gesang tumuju ing kasampurnan. Ngandika pracaya ananging tanpa wonten buktinya.

Serat Yakobus 2: 17 ing nginggil mratelakkan bilih pracaya punika kedah kinanthenan panggawé, kinanthenan laku ingkang cundhuk kaliyan karsanipun Gusti. Pracaya punika nuwuhaken gesang bilih kinanthi ing lampah tindak tanduk ingkang nyata. Menawi mekaten pracaya lan panggawé punika manunggil dados satunggal. Kosok wangsulipun, menawi pracaya punika boten kinanthenan panggawé, sejatinipun mati. Tegesipun boten wonten ewah ewahaning lampah gesang ingkang nyata. Kapitadosanipun namung wonten ing endahing tembung lan manising lambe, nanging tan wonten asilipun. Punapa ta ginanipun endahing tembung lan manising lambe bilih boten kinanthenan laku ingkang leres?

Kados pundi kaliyan kita sadaya? Punapa sami nandang sakit stroke iman? Namung saged endah ing tembung tan wonten panggawé? Samangke punika wekdalipun tumraping kita sadaya, pasrah sumarah lan sumendhe wonten ing Gusti. Mitadosaken gesang kinanthenan laku lan panggawé ingkang nyata kanthi pitados Sang Roh Suci nuntun gesang kita, nyagedaken kita maujudaken pitados kita ing gesang nyata minangka umat kagunganipun Gusti. Amin |*SHS

MITURUTMU

Gusti Yesus banjur ndangu: *“Lah yen kowe, Aku iki kokarani sapa?”*

Petrus matur: “Paduka punika Sang Kristus!”

(Markus 8:29)

Limrahipun kita sami gumun, kaeraman utawi kagum nalika wonten tiyang ingkang nggadahi pangretosan utawi teori-teori kados para ahli. Piyambakipun saged njlentrehaken kanthi gamblang teorinipun saha pamanggihipun punika. Lajeng kita nganggep tiyang punika pinter. Nanging menapa leres tiyang punika pinter? Lha wong ingkang dipun andharaken punika pamanggihipun para ahli utawi tiyang sanes. Boten pamanggihipun piyambak. Sejatnipun tiyang pinter punika malah ingkang kagungan pamanggihipun piyambak, sanes pamanggihipun tiyang sanes.

Gusti Yesus ndangu para sakabat. Miturut tiyang-tiyang sanes, Sang Kristus punika sinten? Mila wonten ingkang mastani bilih Gusti Yesus punika Nabi Yokanan Pambabtis, wonten malih ingkang mastani Nabi Elia, lan sanesipun mastani panunggalane para nabi. Punapa punika cekap? Sang Kristus tetep ndangu nanging benten pandangunipun. Ayat 29 lajeng ndangu Sang Petrus, pangandikanipun: *“Lah yen kowe, Aku iki kokarani sapa?”* Petrus matur: *“Paduka punika Sang Kristus!”* Wonten ing mriki Sang Kristus boten ndangu miturut tiyang sanes nanging MITURUTMU. Tegesipun miturut pengalamaning gesangipun Petrus. Pamanggihipun Petrus, Gusti Yesus punika Sang Kristus.

Miturut kita, sinten to Gusti Yesus punika? Punapa namung kita anggeb pinangka nabi utawi salah satunggaling tiyang winasis? Sinten to Gusti Yesus punika miturut pengalamaning gesang kita sadaya? Sumangga kita ugemi pinangka Sang Kristus inggih ingkang jinebadan minangka Juru Wilujeng kita. Pangaken kita mboten awit pamanggihipun Petrus ananging awit saking krenteging manah ingkang tulus medal saking lesan kita pribadi kanthi manteb lan gumolonging manah. |*SHS



ORA LUWIH ONJO

*“Kang iku kapriye? Apa kita luwih onjo katimbang karo wong liya?
Babar pisan ora.”* (Rum 3:9a)

Sampun dados paraban lan lageanipun manungsa kadonyan punika remen nganggep bilih tiyang sanes langkung asor katimbang diri pribadinipun. Kathah-kathahipun remen nggugu pikajenganipun piyambak. Boten purun ngalah lan salah. Menawi nglampahi kalepatan, lajeng pados tiyang sanes ingkang saged dipun lepataken. Diri pribadinipun ingkang paling leres lan sae piyambak.

Tiyang-tiyang ingkang kados mekaten punika dipun kritik lan kawelehaken dening waosan Kitab Suci dinten punika. Wonten ing Rum 3:9a; *“Kang iku kapriye? Apa kita luwih onjo katimbang karo wong liya? Babar pisan ora.”* Munapa kita langkung anggadhahi kaluwihan tinimbang tiyang sanes, lajeng saged bebas lan gampil ngasoraken tiyang sanes? Wangsulnipun: *“Babar pisan, ora”*. Punika cetha. Menawi makaten cundhuk kaliyan jejer nats Rum 3:9-20 *“Wong kabeh padha kawengku dosa”*. Bilih kita sadaya punika tiyang dosa, kawontenan kita boten wonten bentenipun kaliyan tiyang sanes. Sami anggenipun nandhang dosa. Mila mesthinipun boten sami nyalahke liyan, ananging sami manungkul sesarengan kinanthenan andhapasoring diri lan manah wonten ing ngarsanipun Gusti.

Sumangga wonten ing gesang padintenan, kita sami ngrumaosi bilih kita sadaya anggadhahi kawontenan ingkang sami inggih punika tiyang dosa. Sumangga kita sami tansah andhapasor, urmat-ingurmatan dateng sesami, nindakaken katresnan ingkang nuwuhaken sesambetan ingkang sae wonten ing Gusti lan sesami. Kanthi makaten kita mujudaken braying Allah ing donya. Brayat ingkang kebak katresnan saha tansah urmat ingurmatan sanadyan.
|*SHS



PRAKARA ING NGALUHUR

“Padha nggategna prakara kang ana ing ngaluhur aja kang ana ing bumi”
(Kolose 3:2)

Ing satunggaling wekdal pak dosen mlebet kelas kaliyan ngasta ember, lajeng mendhet sela ageng, krikil, wedhi lan toya. Para mahasiswa sami bingung. Mila pak dosen lajeng ngendika: “Anak-anakku kabeh, saiki pada nyoba nglebokake wedhi, banyu, watu lan krikil iki ing njero ember, kudu mlebu kabeh, ora ana sisane”. Para mahasiswa lajeng sami nyobi, wonten ingkang mlebetaken toya rumiyin lajeng sela, wonten ingkang mlebetaken wedhi rumiyin. Sedaya mboten wonten ingkang saged mlebetaken tanpa sisa ing ember punika. Lajeng pak dosen ngendika: “Kang kudu diprioritaskan kuwi barang sing gedhe dhisik”, pak dosen majeng, mendhet sela dipun lebetaken ing ember, lajeng kerikil, lajeng wedhi, lan pungkasanipun toya. Sadaya saged mlebet.

Semanten ugi bab *prioritas* ing gesang, bab-bab ingkang ageng punika penting. Lan tembung ageng punika boten namun kuantitas ananging kualitas. Sabda Suci paring pangandikan ing ayat 2, *“Padha nggategna prakara kang ana ing ngaluhur aja kang ana ing bumi.”* Ingkang kedah kagatosaken inggih punika prakara kang ana ing ngaluhur, inggih punika prakara karohanen saking Gusti, mboten mung bab kadonyan. Gusti ngersakaken supados kita sami nggatosaken kaswargan. Awit menawi kita namung nggatosaken prakara ingkang wonten ing bumi, sadaya punika winates lan boten langgeng, menawi mekaten pikiran-pikiran lan gesang kita namung tumuju ing bab ingkang boten langgeng. Kalanggengan dunungipun boten wonten ing bumi, nanging wonten ing ngaluhur. Kita kaajab ngraosaken lan nggegilut prakara ngaluhur minangka prakara-prakara ingkang langgeng. Kalanggengan ngaluhur namung kagunganipun Gusti. Sumangga sami niti priksa gesang kita punapa sampun nengenakan prekawis ingkang wonten ing naluhur. |*SHS

UTUSAN

*“Aku kang wanuh, amarga wijilKu saka ing Panjenengane,
lan iya iku kang ngutus Aku.”* (Yokanan 7:29)

Jejeripun utusan punika sami kaliyan ingkang ngutus. Conto: wonten utusan raja ingkang kautus manggihi para bupati ing wewengkon kraton, utusan kala wau mesthinipun kaajenan dening para bupati, awit utusan punika tiyang pinilih ingkang kagungan jebibahan dados talang ing atur raja dhumateng bupati. Punapa ingkang dados dawuh Sang Raja badhe dipun aturaken dening utusan punapa wontenipun samanten ugi sadaya aturipun utusan bade dipun ajeni saha dipun estokaken dening para bupati.

Samanten ugi Gusti Yesus Kristus punika inggih utusanipun Sang Rama, minangka putra ontang-anting ingkang kautus rawuh ing donya saperlu paring pitulungan mbirat dasaning para manungsa. Kados wonten ing waosan suci Yokanan 7:29 ingkang mratelakaken bilih Sang Kristus mijil saking Sang Rama ingkang angutus ing donya. Tumrapipun tiyang pitados, Sang Utusan punika inggih Gusti piyambak ingkang kersa rawuh nilar panguwaos ageng lajeng manjalma dados manungsa ingutus gesang sesarengan kaliyan kita sadaya. Kita kaparingan pangajeng-ajeng ing gesang, ngetut wingking Panjenenganipun tumuju ing margining kaleresan. Samanten ugi punapa ingkang dados kersa saha dawuh pangandikanipun Gusti Yesus temtu ugi kita ajeni saha kita estokaken wonten ing gesang kita. Gusti Yesus dawuh supados kita dados utusanipun Sang Kristus pramila kita ugi kedah ngaturaken dateng jagad punapa wontenipun ingkang dados kersanipun Gusti Yesus tumrap kawilujenganipun manungsa ing jagad. Nyebar winih kabingahan lan pangajeng-ajeng bilih Sang Kristus kersa makarya mbirat dosaning manungsa. Sang Kristus sampun njangkepi pakaryanipun pinangka utusanipun Sang Rama. Punapa kita purun nglajengaken pakaryanipun Sang Kristus pinangka para utusanipun ingkang setya? |*SHS

KANTHI KEKIYATANIPUN GUSTI

Anggonku caturan utawa anggonku martakake ora nganggo tembung-tembung kang wasis kang ngyakinake, nanging kalawan yakin ing bab kakiyatane Sang Roh, supaya pracayamu aja nganggo landhesan kawasisaning manungsa, nanging kakiyatane Allah.

(1 Korintus 2:4-5)

Wonten ing jaman ingkang sangsaya majeng lan modern punika, kathah-kathahipun tiyang sami ngegungaken kawasisan saha kakiyatan kamanungsanipun. Pancen leres, bilih piyantun-piyantunipun saya pinter, awit sami lumebet ing pawiyatan ingkang inggil. Lulusan strata satunggal (S1) sampun kathah sanget. Ananging punapa kapinteran saha kawasisan ingkang kados makaten punika saged dados jaminan bilih gesangipun mangke saged lestari lan kebak ing kabingahan sejati? Kasunyatanipun boten. Ingkang saged dados jaminan inggih punika pangajeng-ajeng wonten ing ngarsanipun Gusti,

Manawi namung pangajeng-ajeng ing ngarsanipun Gusti ingkang saged dados dasaring gesang, mila boten wonten ginanipun namung ngendelaken dayaning kamanungsan. Boten wonten perlunipun nggunggungaken diri pribadinipun. Punapa malih ing salebeting “pracaya” wonten ing Gusti. Pracaya punika kedah ngendelaken Gusti, pracaya punila landhesanipun wonten ing kakiyatanipun Gusti. Kita manungsa ingkang dosa, apes lan sekeng. Sanes kita ingkang kiyat nyanggi gesang, menawi kita sami kiyat punika awit pitulungan saking kekiyatanipun Gusti. pramila boten sisah gumunggung.

Sumangga sami nglampahi gesang kanthi andhap asor, sami alandhesaken kapitadosan ingkang dumunung wonten ing kekiyatanipun Gusti. Masrahaken gesang sawetahipun dhumateng Gusti ingkang mengku kita. Kamulyan namung kagem Gusti ing salami-laminipun. |*SHS

KADUWUNG

*“Sabab Gusti Allah ora kagungan raos kaduwung tumrap
peparinge sih-rahmat sarta timbalane.”*

(Rum 11:29)

“Kados pundi boten kaduwung, tiwas digolekke utangan arta kangge mitulungi sedherekipun, jebul arta kala wau namung dipun agem mabuk-mabukan. Jarenipun kangge berobat, jebul...” Mbok bilih kita asring mrangguli bab ingkang kaserat ing ngajeng. Sampun dipun tulung kok malah menthung. Temtu kemawon ndadosaken raos kaduwung, raos gela, lan mbok bilih sami menggalih ing batosipun: “ngertia ngana, ora bakal dak tulungi”, utawi getem-getem: “wis suk maneh ora bakal dak tulungi”.

Sajatosipun sampun makaping-kaping anggen kita punika ndadosaken kuciwanipun Gusti. Lampah gesang ingkang sampun kanugrahan pitulungan, boten dipun ginakaken ing sakmesthinipun. Punika saged ngadosaken raos kuciwa, gela ugi kaduwung. Nanging ewa samanten wonten ing serat Rum 11:29 mratelakaken bilih Gusti Allah boten kagungan raos kaduwung tumrap peparinge sih rahmat sarta timbalane. Kita sampun kaparingan sih rahmat, lan Gusti nimbali kita supados wangsul ing margi ingkang leres. Sih rahmat ingkang ageng inggih punika Gusti kersa tumedak ing donya amrih kawilujenganing jagad.

Samangke punika wekdal ingkang sae tumraping kita sadaya. Sami ngrumaosi lan nggegilut katresnanipun saha kasetyanipun Gusti. Sami ngaturaken panuwun wonten ing ngarsanipun, malah prasetya bilih kita tansah bingah dados kagungannipun Gusti. Kanthi tansah sumuyud saha ngestokaken kersanipun Gusti wonten ing gesang padintenan, inggih ing keluarga panapa dene wonten ing pasamuhan saha wonten ing gesang pasrawungan dateng tangga kanan kering kita. |*SHS

TANPA GUNA

Iki pangandikane Sang Kohelet, putrane Sang Prabu Dawud, ratu ing Yerusalem:”*Banget anggone tanpa guna, mangkono pangandikane Sang Kohelet, banget anggone tanpa guna, samubarang kabeh iku tanpa guna.*”
(Kohelet 1:1-2)

Kursi, ginanipun kangge leenggahan. Piring, ginanipun kangge madhahi sekul. Dene arta ginanipun kangge alat tetumbasan. Lan barang-barang sanesipun mesthi wonten ginanipun. Langkung-langkung gesang kita, peparinginipun Gusti punika mesthinipun langkung migunani. Pramila manawi wonten barang-barang ingkang boten saged dipun raosaken manfaat utawi ginanipun punika kasebat uwuh utawi rongsok ingkang badhe dipun bucal.

Lajeng kados pundi ingkang dipun kersakaken dening Sang Kohelet (Suleman) nalika paring paseksi mekaten, “... *banget anggone tanpa guna, samubarang kabeh iku tanpa guna*” (Kohelet 1:2). Sajatosipun Sang Kohelet paring piweling lan piwulang tumrap kita, bilih samubarang ingkang wonten ing saklumahing bumi punika pancen boten migunani manawi para umat namung kabidhung ing endahing samubarang kala wau. Sadaya punika boten badhe maedahi manawi dipun dadosaken ancas tujuaning gesangipun manungsa, awit sadaya punika asipat boten langgeng. Cobi, napa ta ginanipun gadhah arta sak gudang, menawi mboten pikantuk katresnanipun Gusti? Ananging nalika arta punika dipun ginakaken kangge ngudi karsanipun Gusti, kangge mitulungi tiyang ingkang mbetahaken, arta punika saged karaosaken ginanipun.

Sumangga sami nerasaken lampahing gesang kanthi sadar lan tansah ngginakaken badha ing dosa dados sarana ngudi karsanipun Sang Rama. Sumangga sami gesang ing sumarah wonten ing Sang Kristus. Malah sami nuladha ing bab katresnan kanthi tulus. |*SHS

REBUTAN DHUWUR

“Nanging kabeh padha bae, sabab nalika ana ing dalam mau padha padudon bab sapa kang dhuwur dhewe ing antarane para sakabat iku.” (Markus 9:34)

Sinten ingkang boten remen dados tiyang ingkang pinunjul lan kawentar? Wonten pundi-pundi papan tansa kinurmatan lan anggadhahi hak linangkung tinimbang tiyang-tiyang sanesipun. Pramila mboten nggumunaken manawi saben tiyang kepingin dados tiyang ingkang pinunjul, menawi saged ingkang paling dhuwur piyambak pinunjulipun. Lajeng wonten persaingan: “rebutan dhuwur”. Emanipun nalika sami rebutan dhuwur fokusipun tumuju ing papan ingkang paling dhuwur punika kala wau, sadaya cara dipun khalalaken, sauger pikantuk papan pinunjul.

Para sakabatipun Gusti sami padudon bab sinten ingkang langkung pinunjul ing antawisipun para sakabat sanesipun. Memperipun satunggal lan satunggalipun sami rebutan papan status kala wau mesthi sami kasupen punapa ta prekawis ingkang langkung wigati minangka muridipun Gusti. Nalika sami rebutan kala wau, basa katresnan nebih saking para sakabat, awit menawi kepingin dados ingkang paling nginggil mesthi kedah ngawonaken sanesipun. Pramila Gusti Yesus ngemutaken: *“Sing sapa kapingin dadi pangarep, iku dadia kang keru dhewe lan dadia paladene wong kabeh” (Markus 9:35)*. Piwucal punika dados kosok wangsulipun punapa ingkang dipun kajengaken dening para sakabat. Awit ingkang ngajeng kedah purun dados ingkang wingking lan lelados. Nalika wonten wingking lan fokusipun ing lelados, dadosaken para sakabat sami anggadhahi kuwajiban leladi satunggal lan satunggalipun. Samanten ugi dateng kita sumangga sami nyawisaken gesang kangge leladi. |*SHS



KALUHURAKE GUSTI

*“Esorna badanmu ana ing ngarsane Pangeran,
sarta Panjenengane bakal ngluhurake kowe.”*

(Yakobus 4:10)

Saben tiyang mesthi sami purun dipun mulyakaken, binerkahan dening Gusti. Ananging boten sadaya tiyang sami purun ngasoraken dhirinipun woten ing ngarsanipun Gusti. Dados namung purun berkahipun, dene bab ingkang ngasoraken diri dereng mesthi sadaya purun. Contonipun; sami purun diberkahi ning nglampahi kasangsaran sami ngresula. Gusti Yesus nate ngandika bilih saben tiyang kedah purun manggul salib lan ngetut wingking Sang Kristus, punika ingkang pantes kaluhurake Gusti.

Waosan padintenan kita samangke ngatag dhateng kita supados sami nggegilut bilih kajawi manggul salib lan ngetut wingking Gusti, kita ugi kedah purun ngasoraken diri wonten ing ngarsanipun Gusti. Temtu kemawon ngasoraken dhiri punika boten ateges posisi fisik ananging ugi non fisik inggih punika prekawis ing gesang. Gesang ingkang ngasoraken dhiri punika ngemu suraos tansah andhap asor ing gesang. Sikep boten gumunggung, lan anggadhahi raos mbangun miturut wonten ing Gusti, langkung malih ngrumaosi bilih kita punika pancen asor. Saben tiyang ingkang anggadhahi raos kados makaten, badhe kaluhurake dening Gusti, nglangkungi kaluhuraning donya.

Mesthinipun kita sami ngrumaosi bab asoring diri kita. Sak sae-saenipun manungsa tetep anggadhahi kekirangan saha boten sampurna, mesthi nggadahi kekirangan lan kalepatan. Kalepatan ingkang dipun sengaja, punapa dene ingkang boten dipun sangaja. Punapa malih pancen boten wonten tiyang ingkang suci kajawi Sang Kristus piyambak. Pramila sampun sakmesthinipun kita sami ngasoraken badan wonten ing ngarsanipun Gusti ingkang suci saha maha kuwaos.

Mugi kita tansah enget, namung Gusti Allah ingkang pantes kaluhuraken ing sauruting gesang kita punika. |SHS

ADIL

“Sajatine wus kaprungu panguwuh-uwuh, amarga opahing buruh kang wis padha ngeneni pametuning tegalmu koktahan, pangresulane wong kang padha derep wis kapireng ing talingane Pangeran sakabehe tumitah.”

(Yakobus 5:4)

Punapa kita nate mrangguli bab ingkang boten adil? Punapa malah kita ingkang tumindak boten adil? (mugi-mugi boten). Punapa ugi kita ingkang dados korban “ketidakadilan”? Conto ingkang sederhana inggih punika nalika manggihi tiyang ingkang ngagem rasukkan sarwa elit; jas, mawi dasi, sepatu pantopel punapa sami sikepipun nalika manggihi tiyang ingkang namung rasukan kaos suwek-suwek, celananipun ugi suwek, tur sampun kluwus. Kados pundi? Anggenipun manggihi? Punapa sikepipun sami? Manawi benten, punika kalebet boten adil. Dumeh rasukanipun awon lajeng boten dipun ajeni.

Gusti Allah midhangetaken panjeritanipun tiyang-tiyang ingkang dados korban “ketidakadilan”. Awit Gusti Allah punika adil. Kados ingkang sampun pinesthi ing nats Yak 5:4 ing ngginggil, kados pundi sadaya panguwuh lan panjerit sampun kapireng ing talinganipun Pangeran Yeyuwah sakabehe tumitah. Tegesipun mboten wonten satunggal bab ingkang boten kapireng. Gusti Allah temtu anggadhahi rancangan ingkang agung, kangge mitulungi saben tiyang ingkang dados korban mboten adil punika. Mila Gusti mboten namung mirengaken, ananging ugi makarya paring pitulungan.

Mbok bilih kita samangke sami ngraosaken *dados korban* boten adil ing salebeting gesang. Rumaos boten diregani, nanging boten sisah sami kuatos, sauger gesang tumindak ingkang leres, ingkang cundhuk kaliyan sabdanipun Gusti, nalika kita sami njerit nyuwun pitulungan, Gusti mesthi mirengaken lan langkung malih, paring pitulungan. Langkung langkung panyuwunan ingkang cundhuk kaliyan karsanipun Gusti. |SHS



MIRENGAKEN SABDANIPUN GUSTI

“Bareng Gusti Yesus ngandika bab iku mau kabeh, akeh wong kang padha pracaya marang Panjenengane.” (Yokanan 8:30)

Komunikasi punika saged lumampah kanthi lancar manawi wawan rembag, satunggal ngendika, setunggalipun malih mirengaken. Pramila punapa ingkang dipun andharaken ing pangandika kala wau mesthi saged dipun tampi lan dipun cakaken wonten ing lampahing gesang. Nanging, manawi kadadosan ingkang satunggal ngendika, ananging satunggalipun boten mirengaken malah tumut ngendika (saur manuk) komunikasi punika kasebat boten lancar. Komunikasi ingkang mekaten saged nuwuhaken seling surup, lajeng padudon ing tembe wingkingipun dadosaken crah.

Kenging punapa kathah tiyang sami pitados dateng Gusti Yesus? wonten dasar ingkang kedah kita sinaoni; inggih punika *sami purun mirengaken* punapa ingkang dipun ngandikakaken Gusti Yesus Kristus. Benten kalian para Farisi punapa dene golonganipun imam ingkang boten purun mirengaken sabdanipun Gusti, mila sami boten pitados, malah sami ngarah sedanipun Gusti Yesus Kristus. Menawi makaten wonten kalih prekawis ingkang penting: *Sepisan*; Gusti karsa paring pangandika ing bab Injil tumrapping manungsa. Punika berkah ingkang ageng, inggih katresnanipun Gusti ingkang luber supados sinten ingkang sami nampi sabda punika badhe pikantuk karahayon. *Kaping kalih*; Namung tiyang ingkang purun mirengaken lan nampi sabda punika ingkang ndadosaken piyambakipun katampi ing Gusti, binerkahan kabar kabingahan.

Kados pundi kita? Cetha bilih Gusti sampun karsa paring sabda pangandika, inggih Panjenenganipun punika Sang Sabda ingkang gesang. Lajeng punapa kita sami purun mirengaken sabda punika, lan ugi nglampahi wonten ing gesang padintenan? |*SHS

TUHU SETYA DHUMATENG GUSTI

Nanging Rasul Petrus lan Rasul Yokanan padha mangsuli: “Panjenengan kula aturi nggalihi piyambak. Pundi ingkang leres wonten ing ngarsaning Allah: nurut dhateng panjenengan sadaya punapa dhateng Gusti Allah. Amargi tumrap kula sadaya boten saged kendel anggen kula sami pirembagan bab punapa ingkang sampun sami kula tingali sarta ingkang sampun sami kula pireng.”

(Lalakone Para Rasul 4:19-20)

Saperangan tiyang sami remen nggugu pikajenganipun piyambak. Punika pratanda tiyang ingkang sampun karangket dening dayaning kadonyan. Lampah gesangipun namung katujokaken kangge karemenaning dhiri pribadinipun. Purun tetulung sauger pikanthuk bathi, menawi rugi, nggih mangke rumiyin anggenipun mitulungi. Lampah ingkang kados makaten punika tebih saking punapa ingkang sampun kadhawuhaken dening Gusti. Tresna ing sesami kadya tiyang Samaria ingkang mitulungi korban rampok ing sakcelakipun Yerusalem. Tiyang Samaria punika rugi sacara materi, awit kejawi ngedalaken tenaga, ugi dana.

Rasul Petrus lan Rasul Yokanan, paring tuladha ingkang sae tumraping kita. Ing saktengahing kawontenan parepatan ingkang mojakaken kekalihipun, Rasul kala wau paring wangsulan bilih badhe nuruti pikajenganipun piyambak, punapa dhateng Gusti? Miturut Rasul, kekalihipun boten saged goroh lan tansah nderek punapa ingkang dados karsanipun Gusti. Sinaosa kekalihipun banget anggenipun ngraosaken ancaman ing parepatan pradata, tetep boten gingsir anggenipun nyepengi pamanggih leres ing Gusti.

Pacobening gesang temtu kemawon mawarni-warni. Kasangsaran, dipun paido, krisis ekonomi, lan sapiturutipun nggadahi potensi dados ancaman ingkang saged nggiring lan jalari kita tumindak miturut pikajengan kita piyambak. Wonten ing sabda samangke, ngemutaken bilih kita kedah tetep nderek punapa ingkang dados kersanipun Gusti, sinaosa pacobening gesang mawarni-warni wonten ing gesang kita. Gusti Allah ngersakaken kita tetep setya tuhu ndherek karsanipun Gusti. |*SHS



PARA PALADOS

*“Kacarita pangandikane Pangeran saya sumebar lan saya akeh kang ngrungokake. Barnabas lan Saulus, sawise ngrampungake kawajibane, banjur bali saka ing Yerusalem, Yokanan kang uga peparab Markus diajak.”
(Lelakone Para Rasul 12:24-25)*

Sadaya umatipun Gusti punika pelados. Satunggal lan satunggalipun sami lelados ing salebeting gesang pasamuwan. Pramila pelados punika boten namung Pandhita, Pinisepuh, lan ugi Diaken. Sadaya umat dipun timbali kangge leladi dhumateng Gusti lan sesami. Gusti Yesus rawuh ing jagad kersa ngladosi manungsa amrih kawulljenganing manungsa. Pramila kita pandherekipun Gusti ugi dipun utus sami purun dados pelados tumrap sesami.

Wonten ing perikop Lelakone Para Rasul 12:24-25 dipun pratelakaken bab pakaryan para peladosipun Gusti, inggih punika Barnabas, Saulus lan Yokanan (paraban Markus). Para pelados punika binerkahan anggadhahi wegdal dados mitranipun Gusti. Pakaryan Ageng anggenipun Sang Kristus mitulungi manungsa mbetahaken para pelados. Awit saking memitran punika kala wau Sabda Pangandikanipun Pangeran saya sumebar lan kathah sanget ingkang sami mirengaken saha pitados. Punika jejibahanipun pelados ing memitran kalian Gusti. Malah saksampunipun sami ngrampungaken kuwajiban, tetiganipun wangsul ing Yerusalem, saperlu nerasakan peladosan.

Semanten ugi kita samangke. Anggadhahi kuwajiban lan jejibahan dados pelados dateng Gusti saha sesami. Lelados punika saged kanthi cara ingkang mawarni-warni miturut kasagedan kita ananging ingkang maksimal utawi ingkang sakmesthinipun sinaosa peladosanipun dipun anggeb prasaja, contonipun: medhar Sabda, dados pengiring ibadah, dados lektor maos Alkitab, kolektan pisungsung lsp. Mbok bilih wonten ingkang rumaos punika angel, saged ugi dados koster, reresik greja, lsp. Intinipun lelados punika dados jejibahan kita sesarengan kagem kaluhuranipun Gusti wonten ing pasamuwan. |*SHS

MADHANGI KABEH

“Lan maneh wong nyumed diyan iku ora banjur dikurebi tompo, nanging ditumpangake ing jodhog, supaya bisa madhang wong saomah kabeh.”

(Mateus 5:15)

Wonten satunggaling cariyos: Pak Pardi punika tiyang wuta. Satunggaling dalu piyambakipun mlampah tumuju ing wande badhe tumbas kopi. Pak Pardi mbekto teken lan ugi lampu senthir. Alon-alon anggenipun lumampah. Tangan tengen kangge nyepeng teken, tangan satungalipun nyepengi lampu senthir. Lajeng ing margi pinanggih kalian pak Kartolo rencangipun. Pak Kartolo pitaken: “Pardi... Pardi... kowe kuwi kok aneh. Lha wong wuta mlaku bengi kok ndadak nggawa lampu barang apa ya migunani?” pak Pardi paring wangsulan: “Wee pak Kartolo to... Lha mesthi migunani to pak, sak ora-orane sliramu dadi weruh yen aku mlaku bengi iki, ora dadekake kacilakaning wong liya ”

Mbok bilih gesang kita punika pancen peteng kados petenging paningalipun pak Pardi. Nanging wonten Sang Kristus ingkang dados pepadhang tumraping kita. Bilih lampu senthir ingkang kaasta dening pak Pardi punika piguna madhangi tumraping tiyang kajawi pak Pardi ugi tiyang ingkang pinanggih dateng pak Pardi. Pepadhang jagad ingkang sejati paring pepadhang tumrap kita ingkang sami peteng. Malah nalika kita tetunggilan kaliyan Gusti, kita ugi dados pepadang tumraping tiyang sanes. Pramila lampu diyan pepadhang punika kedah ditumpangaken ing jodhog, boten kok malah dikurebi tompo. Pepadang kita punika kedah kasorotaken dateng tiyang sanes supados madhangi.

Saiba endahipun gesang ing donya, nalika sadaya umat dados pepdhanging jagad. Kadya lilin-lilin ingkang kathah sanget ing jagad ingkang peteng. Kadya lintang abyor ing angkasa. Sumangga kita sami sumorot dateng jagad ingkang kalimputan ing pepeteng punika. |*SHS

SAKGOLONGAN

Yokanan matur marang Gusti Yesus: *“Guru, kawula sami sumerep tiyang ingkang sanes golongan kawula, nundhung setan atas asma Paduka, lajeng kula awisi, amargi sanes golongan kawula sadaya.”* Nanging paring wangsulane Gusti Yesus: *“Aja kokpenging, awit ora ana wong kang nindakake mukjijat atas jenengKu, banjur ngala-ala Aku.”*
(Markus 9:38-39)

Wonten ing jaman samangke, kathah sanget golongan-golongan kados ta organisasi, partai, denominasi gereja, lsp. Tamtu kemawon bab punika kaanggep *normal* lan limrah. Ananging emanipun boten sakedhik golongan-golongan punika kala wae sami regejegan. Contonipun antar denominasi gereja. Inggang satunggal ngegungaken caranipun ngibadah, sanesipun minunjulaken teologinipun. Tembe mburinipun sami rebutan pasamuwan. Gerejanipun Gusti kok malah kecalan katresnan?

Cariyos ingkang saemper ugi kelampahan wonten ing Injil Markus 9:38-39. Satunggaling wegdal Yokanan ngawisi tiyang ingkang nundhung dhemit ngginakaken asmanipun Gusti Yesus, nanging sanes golonganipun para Rasul. Nanging Gusti maringi pitedah supados tiyang ingkang nundhung dhemit atas samanipun Gusti Yesus Kristus punika boten dipenging, awit sok sintena ingkang ngginakaken asmanipun Gusti, boten ngawon-awon Gusti. Sinaosa golonganipun benten, Gusti Yesus mboten ngawisi tiyang punika awit ngginakaken asmanipun.

Samanten ugi greja. Greja punika kagunganipun Gusti. Sinaosa golongan utawi *denominasinipun* benten, mesthinipun boten pareng sami ngawon-awon lan ngasoraken golongan ingkang beda kaliyan dhiri kita. Prayogi kita silih tresna lan urmat-ingurmatan, punapa dene sesarengan makarya kagem kaluhuraning asmanipun Gusti. |*SHS

WARISAN

“Supaya kita padha tanpa warisan kang ora bisa rusak. Ora cacad sarta ora bisa alum, kang kasimpen ana ing swarga tumrap kowe kabeh.”

(I Petrus 1:4)

Sinten ingkang boten remen nampi warisan ingkang kathah lan mboten wonten telasipun menawi dipun agem pitung turunan. Lajeng sami menggali: boten prelu susah-susah sekolah, boten sisah nyambut damel, boten sisah kuatir bakal kaliren. Kenging punapa? Awit warisanipun kathah boten telas nyantos pitung turunan.

Sabda Winedhar dinten punika ugi ngrembag bab warisan. Malah dipun ngendikaaken wonten ing perikup manginggil, bilih warisan ingkang katampi punika warisan ingkang boten saged risak, warisan ingkang tanpa cacat sarta boten saged alum, warisan ingkang kasimpen ing swarga. Punika warisan ingkang sampurna. Nanging punapa saben tiyang ingkang mirengaken pawartos punika lajeng sami remen manahipun kados menawi nampi warisan tanah ingkang wiyar sanget? Kula kinten boten sadaya tiyang lajeng ngraosaken bingah. Kenging punapa? Awit warisan punika boten katampi samangke. Awit bayangaken prekawis warisan punika nggih bab kadonyan. Mesthinipun tiyang pitados malah ngraosaken kabingahan langkung nalika nampi warisan kaswarga punika. Warisan kadonyan punika boten langgeng, gampil telasipun, gampil ilangipun. Menawi ngraosaken bingah awit saking warisan kadonyan, punika boten langgeng. Punapa malih, warisan punika boten saged kaasta ing pati.

Pramila ing dinten punika kita sami ngrasuk karohanen. Bilih warisan kaswargan punika asipat langgeng. Ing titimangsanipun kita badhe dipun timbali dening Gusti. Gusti Yesus sampun nyawisaken papan endah. Sampun cumawis warisan ingkang sampurna kangge kita sadaya umat kagunganipun Gusti saha warisan punika asipat langgeng. |*SHS.

BEJO

“Balik kowe iku wus padha kajebadan dening Kang Suci, marga saka mangkono kowe padha nyumurupi samubarang.”

(I Yokanan 2:20)

Dados tiyang pinter punika pancen dados pangajeng-ajengipun sadaya tiyang mliginipun para lare sekolah. Nanging tiyang pinter saged dipun kawonaken dening tiyang bejo. Menawi mekaten langkung sae pundi, dados pinter punapa bejo? Emanipun begja punika boten wonten pawiyatanipun; pripun ta caranipun supados saged bejo? Bejo ugi boten wonten obatipun. Awit tiyang bejo punika tiyang ingkang kanugrahan dening Gusti.

Kabegjan tumrapping kita ingkang sampun nampi Roh Suci awit pakaryan agengipun Gusti Yesus Kristus. Bejo tumrapping kita, awit lumantaran Sang Roh Suci punika kita kajebadan lan nyagetaken kita nyumurupi samubarang. Samubarang ingkang pundi? Mbok bilih sami paring pitakenan. Samubarang ingkang dipun kajengaken inggih punika samubarang ing gesang ingkang kedah katindakaken ing salebeting katresnan. Bab ingkang katon dereng temtu tiyang ngraosaken bilih punika perlu dipun raosaken. Tuladhanipun: sajatosipun kathah tiyang ingkang mbetahaken pitulungan kita, nanging boten saben tiyang lajeng ngraosaken tanggél jawab kanggé mitulungi tiyang punika. Kenging punapa kok boten anggadhahi raos tanggél jawab? Awit boten nyumurupi samubarang punika kalawau.

Wonten ing waosan punika, kita ugi kaatag supados mujudaken diri ingkang bejo awit dipunjebadi dening Kang Suci inggih punika Gusti piyambak, Pramila sami nglajengaken gesang kanthi tulus nyumurupi samubarang ingkang kedah kita tindakaken cundhuk kaliyan punapa ingkang dipun kersakaken Gusti dumateng kita. |*SHS

TOTALITAS

“Sarta manawa mripatmu dadi sandhungan tumrap kowe, cuplaken lan buwangen, amarga luwih becik tumrap kowe lumebu ing urip kalawan pece katimbang kacemplungake ing geni naraka kalawan ganep mripatmu.”

(Mateus 18:9)

Saben tiyang mesthi kepingin dipun tresnani kanthi *totalitas* (wetah) kaliyan pasanganipun (semah). Boten wonten cariyosipun ingkang tinemu nalar bilih wonten tiyang ingkang purun ditrenani namung 50%. Menawi wonten, mesthi dipun latarbekalangi carios sanesipun.

Samanten ugi Gusti ngersakaken supados para umat punika tansah nresnani Gusti *kanthi totalitas* (wetah). Gegambaran ing bab asta ingkang dipun kethok bilih dados sandhungan, punapa dene paningal ingkang dipun cuplak menawi dados sandhungan punika boten ateges lajeng sami nugeli asta, lan nyuplaki paningal. Ananging Gusti ngersakaken *totalitas* sawetahing gesang iman. Langkung sae mripatipun namung satunggal (pece) nanging sami lumebet ing gesang (band. Mateus 18:9) katimbang kados jangkep badanipun nanging kacemplungaken ing latuning nraka. Wonten ing mriki, Gusti ngersakaken bilih kita lumebet ing gesang, inggih punika kalanggengan.

Saben tiyang mesthi nate ngraosaken awrating gesang. Ing salebeting gesang punika wonten bab-bab ingkang nyedhihaken. Mbok bilih kita lajeng ngunjukaken atur wonten ing ngarsanipun Gusti: “Gusti kengin punapa kula kedah nglampai ingkang kados makaten?” mangga dipun emut, Gusti kadangkala ngaparengaken prakawis nyedhiaken matumpa-tumpa ing gesang kita, supados kita dados pribadi kagunganipun ingkang totalitas. “...*luwih becik tumrap kowe lumebu ing urip kalawan pece...*” (Mateus 18:9b). | *SHS

PUTRANE GUSTI ALLAH

“Sabab marga saka pracaya marang Gusti Yesus Kristus kowe padha dadi putrane Gusti Allah.” (Galatia 3:26)

Pasamuwan punika dipunangkat dados Putranipun Gusti Allah. Lan sadaya ngamini ing bab punika. Nanging punapa sadaya pasamuwan estu ngraosaken dados *putranipun* Gusti Allah ing gesangipun? Gusti Allah punika maha tresna, mesthinipun para putranipun ugi nindakaken katresnan. Saemper (mirip) kalian Ramanipun inggih punika Gusti Allah.

Kosok wangsulipun boten sekedhik pasamuwan inggih Putranipun Gusti Allah ananging dereng ngraosaken estu dados *putranipun* Gusti. Taksih mangu-mangu. Nindakaken katresnan dados conto ingkang faktual(nyata). Sanyata kathah ingkang nresnani tiyang punika namung dhumateng tiyang ingkang nresnani piyambakipun. Nresnani mengsah punika pancen angel. Nalika kita kadhawuhan nresnani mengsah, punapa sadaya sami nglampahi bab punika, punapa malah mengsahi mengsah?

Sajatosipun normal menawi angel dados putranipun Gusti Allah, ananging bab angel punika mesthinipun boten dipun dadosaken alasan supados kita boten nglampahi sabdanipun Gusti. Nats ing nginggil paring piweling, bilih: *“marga saka pracaya marang Gusti Yesus kowe padha dadi putrane Gusti Allah.”* Tegesipun, manawi kita dipunangkat dados putranipun Gusti Allah punika boten awit dayaning kasaenan kamanungsan kita, punika mokal. Nanging awit kita pitados ing Gusti Yesus Kristus. Menawi makaten, dereng saged nglampahi sabda suci kanthi sampurna, punika kamanungsan. Ananging boten ateges kita saklaminipun boten saged nglampahi. Malah mesthinipun sami pitados lan nyenyuwun wonten ing Sang Kristus supados kita binerkahan nglampahi sabda-sabda sucinipun Gusti. Tansah sinau kados pundi sikepipun Sang Kristus, penggalhipun sang Kristus punapa dene Karsanipun Sang Kristus dumateng kita ingkang kaserat ing Kitab Suci. |*SHS